



NIMEWO SITASYON:

SITASYON AK LÒD KOMISÈ A • GEN SANKSYON SIVIL  
 AJANS APLIKASYON LWA: DEPATMAN KONSTRIKSYON VIL NEW YORK  
 ADRÈS AK SITWÈB AJANS LA: 280 Broadway, New York, NY 10007 [www.nyc.gov/buildings](http://www.nyc.gov/buildings)

DEFANDÈ: \_\_\_\_\_ (PRENON/NON ANTITE, SIYATI)

ADRÈS POSTAL: \_\_\_\_\_ No. LISANS/ANREJISTREMAN DOB: \_\_\_\_\_

NIMEWO TELEFÒN SELILÈ:  N/A

DAT ENSIDANS LA: \_\_\_\_\_ LÈ LI TE OBSÈVE A: \_\_\_\_\_ MINISIPALITE: \_\_\_\_\_

KOTE ENSIDANS LA TE RIVE: \_\_\_\_\_ BLÒK: \_\_\_\_\_ LO: \_\_\_\_\_ BIN: \_\_\_\_\_

Ou dwe prezante oswa reponn ak detay vyolasyon an (yo) anba a. Pou KI JAN POU W REPONN, gade nan paj ki vini apre a.

DAT ODYANS LA: \_\_\_\_\_ A: \_\_\_\_\_

BIWO ADMINISTRATIF PWOSE AK ODYANS: \_\_\_\_\_ (Gade nan paj ki vini apre a pou adrès yo)

METE NIMEWO SITASYON KI ANWO A NAN TOUT KORESPONDANS.

**AVÈTISMAN:** Si ou pa prezante oswa ou pa reponn Sitasyon an, Minisipalite Vil la pral deside Sitasyon an kont ou epi enpoze sanksyon. Si ou pa peye yon sanksyon sivil, yo ka rechte yon aplikasyon, oswa sispann, fini, oswa anile yon lisans, pèmi, oswa anrejistreman Minisipal. An plis, Minisipalite a ka mete yon jijman kont ou nan tribinal.

**LÒD KOMISÈ A POU KORIJÈ PWOBLÈM VYOLASYON AK SÈTIFYE KOREKSYON**

DAT KOREKSYON AN (Opsyon Zewo Sanksyon, si li disponib): \_\_\_\_\_ Dwe Prezante:  (Si w ap konteste akizasyon an)

Kalite Konstriksyon: \_\_\_\_\_ Kantite Etaj: \_\_\_\_\_ No. Travay ki Asosye a: \_\_\_\_\_

Okipan Lè Enspeksyon an: \_\_\_\_\_ Baz Vyolasyon an: \_\_\_\_\_

Selon yon enspeksyon sou sit la oswa dosye Depatman an, moun ki siyen non li anba a te detèmine ou te vyole seksyon lwa ki site anba a nan Kòd Administratif Vil New York la, Rezolisyon Zonaj Vil New York la ak/oswa Tit 1 oswa 2 nan Règ Vil New York la.

**Kondisyon Vyolasyon ki Obsève**

| Kòd Enfraksyon  | Klas  | Pwovizyon Lwa  | Sanksyon Estanda   | Sanksyon Maksimòm   |
|---|---|--|--|---|
| <input type="checkbox"/> Kondisyon Agrave ki Repete I selon 1RCNY 102-01(f) | <input type="checkbox"/> Kondisyon Agrave II selon 1 RCNY 102-01(f) | <input type="checkbox"/> Konvèsyon Ilegal - Klas 1 Selon 28-202.1 & 1 RCNY 102-01 plis sanksyon chak jou pou vyolasyon repete Atik 210 nan Tit 28 aplikab tou. | <input type="checkbox"/> Selon 28-202.1 & 1 RCNY 102-01, ka gen sanksyon plis Klas 1 oswa Klas 2 chak mwa. | <input type="checkbox"/> Yo te bay yon Lòd pou Sispann Travay: _____<br><input type="checkbox"/> Yo te bay Lòd pou Soti: _____<br>No. pou Soti: _____ |

Detay Vyolasyon an (yo):

Solisyon:

Chat Vil New York Seksyon 1048 ak 1049-a ak règ Vil New York otorize Biwo Administratif Pwosè ak Odyans (Office of Administrative Trials and Hearings, OATH) Vil New York pou fè odyans yo. **Pou opsyon odyans yo, gade nan paj ki vini apre nan avi sa a.** Ka gen plis vyolasyon ak sanksyon pou vyolasyon ki pa korije yo. Pou sèten akizasyon, ka gen plis sanksyon sivil DOB selon seksyon 28-213.1, 28-219.1 and 28-207.2.6 Kòd Administratif la. Yon pwopriyete ka responsab pou peman pou sanksyon sivil an plis sa yo menm si li pa site kòm defandè nan sitasyon sa a.

Mwen menm, yon anplwaye Depatman Konstriksyon, afime anba sanksyon pou fo enfòmasyon mwen te obsève pèsònèlman pou komisyon akizasyon vyolasyon ki akize ak/oswa verifye egzistans yo nan yon revizyon dosye depatman an. Gen pinisyon pou deklarasyon fo ki fèt kòm yon Deli Klas A selon Seksyon 210.45 Lwa Penal la.

Ofisye ki Bay li a: \_\_\_\_\_ Siyati: \_\_\_\_\_ No. Badj: \_\_\_\_\_

Depatman Konstriksyon (Department of Buildings, DOB) te deklare ou te komèt vyolasyon ki endike nan Sitasyon sa a. Yon avi lapòs Sitasyon sa a gen yon "Sanksyon pa Lapòs." Pou aksepte chaj la nenpòt ki lè, peye tout sanksyon an avan odyans ou a. **OU DWE SÈTIFYE KOREKSYON AN TE FÈT TOU. Remak:** Si devan Sitasyon an di **DWE PREZANTE, ou menm oswa reprezantan otorize ou dwe vini** nan odyans la an pèsòn si ou vle konteste chaj la (yo). **Gade Sitasyon sa a pou dat, lè, ak minisipalite odyans ou a.**

**Pou aksepte chaj la epi peye sanksyon an pa lapòs:**

- Fè yon chèk oswa manda postal (money order) nan nan "Finance Commissioner" pou montan Sitasyon pa Lapòs la epi **ekri Nimewo Sitasyon an sou chèk oswa manda postal la.**
- Nan yon delè 10 jou avan dat odyans la ki sou Sitasyon sa a, voye yon kopi Sitasyon sa a ansanm ak chèk oswa manda postal la pa lapòs bay: **OATH, PO Box 2307, Peck Slip Station, New York NY 10272**

**Pou aksepte chaj la epi peye sanksyon an pèsòn:**

- Nenpòt jou avan Dat Odyans ki endike nan Sitasyon sa a, pote Sitasyon sa a ansanm ak peman ou nan Sant Odyans OATH la ant 8:00 A.M. ak 3:30 P.M. Nou aksepte chèk, manda postal ak kat kredi.

**Pou aksepte chaj la epi peye sanksyon sou entènèt:**

- Ale sou <http://a836-citypay.nyc.gov/citypay/ecb>

**POU SÈTIFYE YON KOREKSYON TE FÈT**

**CHAK SITASYON GEN YON Lòd pou Korije Kondisyon an ak Lòd pou Depoze yon Sètifika Koreksyon ki Akseptab a Tan** Sa obligatwa pou tout vyolasyon amwenske yo anile sitasyon an. Pou jwenn fòm ki obligatwa pou sètifye koreksyon an ak/oswa pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou w sètifye koreksyon an, ou ka ale sou sitwèb nou an nan <http://www1.nyc.gov/site/buildings/business/resolving-violations-ecb.page> oswa rele Inite Aplikasyon Lwa Administratif la nan 212-393-2405.

**Kèk sitasyon kalifye pou yon OKENN sanksyon oswa yon seksyon redui si ou korije li bonè ak swa yon koreksyon, estipilasyon, oswa mitigasyon.**

- **Rezolisyon:** Devan Sitasyon sa a gen yon "Dat Koreksyon", ou gen chwa pou admèt vyolasyon an epi soumèt yon Sètifika Koreksyon ki akseptab bay DOB avan "Dat Koreksyon" an ki devan Sitasyon sa a. Si DOB apwouve sètifikasyon koreksyon ou an nan "Dat Koreksyon" an oswa avan sa, yo pral twouve ou koupab pou vyolasyon an men ou pa pral bezwen ale nan yon odyans oswa peye yon sanksyon. Si yo pa apwouve "koreksyon" ou soumèt la avan "Dat Koreksyon" an, ou dwe ale nan yon odyans oswa admèt epi peye montan ki endike a. Si opsyon sa a pa disponib epi yo twouve ou koupab pou yon vyolasyon apre yon odyans, w ap gen yon sanksyon pou peye.
- **Estipilasyon:** Si ou kalifye, ou ka resevwa yon òf nan men DOB pou avan odyans la kote ou ka admèt vyolasyon an epi resevwa yon sanksyon redui ki mwatye sanksyon estanda a. Si ou aksepte òf la avan odyans la, ou dwe soumèt yon sètifika koreksyon ki akseptab nan 75 jou avan premye dat odyans ki pwograme a. Si ou pa soumèt yon sètifika koreksyon ki akseptab, sanksyon a ap ogmante nan kantite estanda a oswa yon sanksyon agrave, sa ki apwopriye a.
- **Mitigasyon nan Odyans la:** Pou kèk chaj, ou ka gen dwa pou resevwa yon sanksyon redui si ou ale nan odyans la epi ou demontre ou te korije kondisyon vyolasyon an avan dat odyans ki pwograme a.

Si ou pa admèt chaj la, Biwo Administratif Pwosè ak Odyans Vil New York endepandan an pral tande epi deside sou ka ou a. **Si ou pa peye sanksyon an oswa ou pa prezante pou odyans ou a, yo ka mete yon jijman kont ou otomatikman epi ou ka gen plis sanksyon pou peye. An plis, yo ka ba ou refi oswa anile lisans, anrejistreman, ak privilèj pèmi Vil New York ou.**

**Si yo pa make "DWE PREZANTE" pou ka ou a, ge posiblite pou w refize chaj la epi prezante yon defans sou entènèt, nan telefòn, oswa pa lapòs.**

- **Entènèt:** Pou soumèt yon defans sou entènèt, ale sou [www.nyc.gov/oath](http://www.nyc.gov/oath).
- **Telefòn:** Pou pwograme yon defans nan telefòn, rele (212) 436-0777.
- **Lapòs:** Pou soumèt yon defans pa lapòs, voye yon deklarasyon siyen ki eksplike sa ki te pase epi li dwe di "Siyati mwen nan deklarasyon sa a sètifye tout enfòmasyon yo se verite", ak tout dokiman ou vle nou konsidere yo bay: **OATH Mail Unit, 66 John Street, 9th Floor, New York, NY 10038**

**Pou aksepte chaj la epi prezante yon defans an pèsòn:**

- Ou menm oswa yon reprezante otorize dwe prezante an pèsòn nan dat odyans la nan lè ak adrès ki sou Sitasyon sa a.

**SANT ODYANS OATH YO - Telefòn: (844) 628-4692 1-844-OATH-NYC [nyc.gov/oath](http://nyc.gov/oath)**

|   |  |
|---|--|
| • <b>Manhattan: 66 John St. 10th Floor, New York, NY 10038</b>                    | • <b>Brooklyn: 9 Bond St. 7th Floor, Brooklyn, NY 11201</b>              |
| • <b>Bronx: 3030 Third Avenue, Room 250, Bronx, NY 10455</b>                      | • <b>Queens: 31-00 47th Avenue, 4th Floor Long Island City, NY 11101</b> |
| • <b>Staten Island: 350 St. Mark's Place, Main Floor, Staten Island, NY 10301</b> |  |

- Tanpri pote Sitasyon sa a ak tout prèv ou yo ak ou pou w ka pare pou yon odyans lè sa a.
- Si ou bezwen èd ak anglè, ap gen èd ak lang gratis disponib pou ou.
- Si ou gen yon andikap epi ou bezwen yon **aranjman rezonab** nan jou odyans ou a, rele 1-844-OATH-NYC.